

KESYON YO POZE SOUVAN KONÈNAN EVÈNMAN YO**Kapil Longani**
Avoka Majistra a**Alexis Blane**
Avoka Prensipal Adjwen**Bess Chiu**
Chèf Kabinè**Katherine Cocklin**
Avoka Adjwen

Pou ki kalite evènman pati sa a nan KESYON YO POZE SOUVAN YO aplike?
Pati sa a nan KESYON YO POZE SOUVAN Yo, aplike pou tout evènman kap fèt andedan ak sa kap fèt deyò yon kay ki gen plis pase 100 patisipan e ki enplike preparasyon ak sèvis manje ak/oswa bwason. Pa egzanp: resepsyon maryaj, fèt pou avan nesans tibebe (baby showers) avèk konferans.

Ki lè yon lokal pou resepsyon oswa yon etablisman ka òganize yon evènman?
Yo ka òganize evènman yo apatide **5è nan maten pou rive 1è nan maten. Sepandan, a minwi yo egzije pou tout sèvis manje ak bwason kanpe.** Tout patisipan yo, (eksepte anplwaye yo) dwe kite lokal la a 1è nan maten pou pi ta.

Èske gen kondisyon anplas konsènan efektif pou anplwaye yo?
Dwe gen ase anplwaye pou asire tout moun respekte enstriksyon lokal ak enstriksyon leta etabli yo, sa enkli limite kantite moun, entèdi rasanbleman ki pa nesèsè ak jere mouvman avèk trafik.

Èske gen limit sou kantite moun ki pou genyen pou evènman an pèsòn ak evènman ak sèvis tretè yo?

Wi. Efektif 7 me 2021:

- Kapasite pou kantite moun ki ka andedan an, dwe limite a **kantite ki pi piti a ant 75% kapasite maksimòm pou yon espas espesifik¹ oswa 150 moun**, san konte anplwaye ak estaf evènman an,
- Kapasite pou kantite moun ki ka nan evènman kap fet deyò yo, limite a **kantite ki pi piti a ant 75% kapasite maksimòm pou yon espas espesifik oswa 500 moun** san konte anplwaye ak estaf evènman an.

Egzanp limit kapasite pou evènman kap fèt andedan:

<u>Maksimòm Kapasite</u>	<u>75% Maksimòm Kapasite</u>	<u>Limit pou Evènman yo</u>
1000	750	150
500	375	150
200	150	150
100	75	75

Lokal mwen an gen plizyè espas pou evènman. Èske mwen ka òganize plizyè evènman anmenmtan?

¹ Jan yo etabli sa nan sètifika okipasyon an. Etablisman ki pa gen yon sètifika okipasyon dwe refere yo a Bilten #2020-017 Depatman Bilding Vil New York (NYC Department of Buildings, DOB) a pou konnen kisa ki okipasyon maksimòm nan.

Wi. Lokal yo ka òganize plis pase yon evènman anmenmtan, depi chak evènman fèt separeman.

- Yo dwe òganize chak evènman nan yon espas diferan nan lokal la (pa egzanzp, espas andedan olyede espas deyò, sal separe).
- Evènman ki fèt anmenmtan pa ka pataje patisipan oubyen yo pa ka gen menm objektif la.
- Patisipan nan evènman ki separe yo pa dwe pataje okenn espas, okenn sal, yo pa ka itilize menm antre oswa menm sòti a nan menm lè a, oswa yo pa ka angaje entèraksyon ak moun an pèsòn.
- Yo dwe limite kapasite twalèt la pou evite ke patisipan yo ankombre, yo dwe gen pwoteksyon pou kouvri figi yo e yo dwe respekte distans sosyal andedan twalèt la ak pandan yap tann pou yo rantre ladan li.

E si lokal mwen an gen yon restoran ak yon espas pou dine ki separe de espas evènman an?

Espas pou dine a ka kontinye sèvi kliyan restoran yo depi yo pa gen rapò avèk espas evènman an e ke yo separe de li.

Kilè anplwaye ak patisipan yo dwe mete pwoteksyon pou kouvri figi yo?

- Tout anplwaye ak estaf evènman yo dwe mete pwoteksyon pou kouvri figi yo toutan, sòf lè yap manje oswa lè yap bwè (paregzanzp, pandan lè pòz yo).
- Tout patisipan (ki gen plis pase laj 2 lane) dwe mete pwoteksyon pou kouvri figi yo lè yo pa chita (amwenske yo pa kapab tolere li pou rezon medikal). Depi yo chita, etablisman yo dwe ankouraje, men pa egzije, kliyan yo mete pwoteksyon pou kouvri figi yo lè yap pale avèk anplwaye oswa lè yo pa p manje/bwè.
- Patisipan kap fè prezantasyon/kap pale nan evènman an ka retire pwoteksyon ki kouvri figi yo a lè yap prezante/lè yap pale, depi yo kenbe yon distans sosyal de 4 mètr (12 pye) ak lòt moun yo oswa depi yo gen yon separatè fizik apwopriye ki separe yo ak lòt moun yo.

Mwen ta renmen òganize yon evènman an pèsòn oswa yon evènman ak sèvis tretè. Ki mezi pou mwen pran?

Yon pwopriyetè lokal oswa yon òganizatè evènman ki vle òganize yon evènman dwe avize Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (NYC Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) omwen 5 jou alavans dat evènman an. Ou ka bay notifikasyon [la a](#).

Èske gen kèk enfòmasyon ke kote kap fè evènman yo ak enstalasyon yo dwe rekeyi nan mwen patisipan yo?

Wi. Fòk pwopriyetè kote a oswa òganizatè evènman an asire ke tout patisipan yo enskri alavans (paregzanzp, lè yo kreye yon lis envite). Fòk chak moun kap patisipe siyen lè yo vini nan evènman an epi fòk yo bay non yo okonplè, dat nesans, adrès, adrès imèl ak nimewo telefòn yo pou yo itilize nan efò kap fèt pou retrase kontak nan Leta New York. Detay yo disponib [la a](#).

Èske yo oblije fè depistaj pou moun kap patisipe yo?

Wi. Moun kap patisipe yo oblije fè yon depistaj sante ki obligatwa. Epitou fòk yo fè yon tès COVID ke Depatman Aliman ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) apwouve nan 72 èdetan anvan lè evènman an kòmanse epi fòk yo bay prèv ki montre ke rezilta tès la negatif anvan oswa imedyatman lè yo rive nan evènman an. Altènativ la sèke moun kap patisipe yo ka bay prèv ke yo konplete seri vaksen kont COVID-19 yo omwen 14 jou anvan dat evènman an. Moun kap patisipe ki pa ka montre prèv ke yo gen swa yon rezilta tès ki negatif oswa prèv iminizasyon, yo pap kite moun sa yo antre nan evènman an. Detay yo [la a](#).

Èske gen kèk egzijans pou depistaj pou anplwaye yo?

Wi. Anplisde depistaj sante obligatwa pou yo fè, anplwaye yo ak moun kap travay nan evènman an oblije prezante yon tès COVID-19 ki negatif anvan dat evènman an ap fèt. Metsouli, kèlkeswa anplwaye ki aktivman òganize evènman e ki gen entèraksyon sere ak patisipan yo, yo fèt pou yo fè tès chak de semèn – oswa montre prèv ke yo te pran seri vaksen kont COVID-19 yo omwen 14 jou avan dat evènman an (yo).

Kisa òperatè yo dwe fè pou anpeche ankonbreman nan zòn komen yo?

- Yo dwe endike kote moun ap antre/soti nan lokal la pou asire yo respekte egzijans kapasite ak okipasyon yo.
- Yo dwe limite kapasite nan twalèt yo pou evite foul moun.

KONSÈY POU SÈVIS LA

Ki egzijans ki genyen parapò ak distans sosyal pou evènman yo?

- Patisipan yo pa fèt pou rasanble, eksepte lè yo chita sou tab yo deziyen ba yo a.
- Patisipan yo dwe kenbe yon distans 2 mètr (6 pye) pou pi piti de lòt moun ki pa fè pati nan gwoup yo/fwaye yo/fanmi yo.
- Yo dwe deziyen bay chak patisipan yon tab oswa yon zòn pou yo ale.
- Patisipan yo dwe rete chita sou tab yo deziyen ba yo a pandan yap manje oswa pandan yap bwè.

Èske yo gen dwa fè tab gani ki genyen estaf kap jere yo?

Wi, men òganizatè yo dwe konsidere fasilite aksè a sou yon baz wotasyon pou pèmèt patisipan yo kenbe distans sosyal 2 mètr (6 pye) a pandan yap tann nan liy.

Èske m ka gen mizisyen sou plas avèk animasyon?

Wi, sepandan, mizisyen sou plas ak animasyon, sitou sa ki pa mete mask oswa kap jwe enstriman van, fòk gen 4 mètr (12 pye) ki separe mizisyen sa yo avèk patisipan yo oswa fòk gen yon separatè fizik ki konvab.

EGZIJANS POU ESPAS TRAVAY LA

Èske mwen oblije afiche panno nan etablisman mwen an?

Wi. Etablisman yo gen obligasyon pou yo mete panno ki pou fè moun sonje ke yo dwe pran prekosyon poutèt COVID. Gen plis enfòmasyon ki disponib [la a](#).

RESOUS ADISYONÈL

Ki resous adisyonèl mwen ka konsilte?

- [NYS DOH Interim Guidance for NYC Indoor Food Services \(Direktiv Pwovizwa Depatman Sante Eta New York sou Sèvis Manje Andedan nan NYC\)](#)
- [SLA Guidance on Food Service w/Beverages \(Direktiv SLA sou Sèvis Manje ak Bwason\)](#)

- [SLA Guidance on COVID-Related Closing Times \(Direktiv SLA sou Lè Fèmti Parapò avèk COVID\)](#)
- [NYC DOH Guidance for Businesses and Schools \(Direktiv NYC DOH pou Antrepriz ak Lekòl\)](#)